



Built to Lead

Pou piblikasyon imedya: 15/7/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON OGMANTASYON DE 2.25 MILYON DOLA POU
PAK LETA HAMLIN BEACH LA**

Modènizasyon Kay de Ben Depression-Era Konplete

750,000 dola Pou Reyabilite epi Amelyore Santye Natirèl Yanty Marsh la

***Amelyorasyon yo Konplete pwogram "Fingers Lakes Forward" – Inisyativ
Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a ki Reyisi, pou Devlope Ekonomi an epi Kreye
Nouvo Opòtinite***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke inisyativ 1.5 milyon dola pou modènize epi prezève Kay de Ben Depression-Era nan Pak Leta Hamlin Beach lan te fin konplete. Konstwiksyon yo te kòmanse tou ak yon pwojè ki koute 750,000 dola pou elaji aktivite edikatif ak rekreyatif nan Pak Yanty Marsh lan – yon espas ekolojik inik, ki popilè pou obsèvasyon zwazo, lapèch, padlin ak obsèvasyon lanati. Amelyorasyon yo pral genyen yon nouvo chemin espas pwomnad an bwa natirèl ak yon tou obsèvatwa. Se Pwogram Gouvènè Cuomo pou Pak NY pou lane 2020 ki finanse pwojè sa yo, yon angajman 900 milyon dola sou plizyè lane nan finansman prive ak piblik pou revitalize Pak Leta yo.

"Pak New York yo se pasrèl ki mennen nan bote natirèl inik ki ekziste nan chak kwen leta a," **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** "An plis bote estetik yo ki san rival ak yon pakèt opòtinite rekreyatif, pak nou yo se kote ki bay soulajman a dè milyon Nouyòkè, menm jan ak vizitè yo. Amelyorasyon yo nan Pak Leta Hamlin Beach la esansyèl pou dirabilite li sou yon peryòd tan ki long, ak prezèvasyon li, epi ak nouvo santye panoramik ak batiman modèn yo, li pral kontinye atire vizitè yo epi fè rantre plis kòb touris nan ekonomi Finger Lakes la."

"Pak Leta Hamlin Beach te resevwa rasanbleman memorab zanmi ak fanmi yo pandan dè jenerasyon, epi renovasyon kay de ben istorik yo ak amelyorasyon Yanty Marsh yo pral asire ke tradisyon kè kontan sa yo kontinye," **se sa Komisè Pak Leta, Rose Harvey, te deklare.** "Mwen rekonesan anvè Gouvènè Cuomo poutèt li konprann enpòtans pou pwoteje epi amelyore sa ki espesyal nan Hamlin Beach ak tout Pak Leta nou yo nan New York."

Modènizasyon Kay de Ben Depression-Era

Kay de ben sa, ki te konstwi ak wòch tè Medina nan lane 1939-40 pa manm Kò

Konsèvasyon Sivil Depression-Era a, te sibi yon seri renovasyon pou pwoteje entegrite istorik batiman sa epi modènize espas piblik yo. Pwojè a te gen ladan li:

- Reyamenajman pati devan espas relaksasyon an pou pèmèt kreye yon nouvo sèvis manje ak pwogram piblik yo.
- Renovasyon tou de kabin mesye ak medam yo ak sal de ben yo, pou yo ka reponn ak règleman aktyèl yo, sa enkli tou Akt pou Ameriken ki Andikape yo.
- Reparasyon masònri istorik epi ranplasman twa kay la ak materyèl pou retabli aparans istorik batiman an.
- Renovasyon espas eksteryè batiman an, sa enkli tou nouvo twotwa ki an beton, yon ranp konfòm ak règ ADA, nouvo gazon, ak sistèm douch pou met deyò yo.
- Reyabilitasyon espas mèt najè/premye swen yo.
- Replasman dlo, sistèm egou ak sistèm elektrik batiman yo.

Reyabilitasyon ak Amelyorasyon Santye Natirèl Yanty Marsh la

Pak Leta yo te kòmanse tou yon pwojè ki koute 750,000 dola pou amelyore aktivite edikatif ak rekreyatif nan pak Yanty Marsh la, yon zòn ekolojik ki inik nan pak lan. Pwojè a gen nesite fé konstwiksyon yon nouvo espas pwomnad an bwa sou pak Yanty Marsh lan ak yon detou ki laj, pou ka bay vizitè yo yon vizyèl 360 degre de marekaj la. Espas pwomnad an bwa pral ogmante a la fwa opòtinite rekreyatif ak edikatif nan zòn Yanty Marsh la, pandan l'ap bay vizitè yo posiblite pou gade de pli prè lavi flò ak fòn lan ke nou jwenn nan marekaj a.

Yon platfòm obsèvasyon ki ekziste, ki sitiye nan nòdwès zòn ki te pwopoze pou espas pwomnad an bwa a tou pre fwontyè marekaj la, pral ranplase ak yon nouvo platfòm ki konfòm ak lwa ADA yo nan yon zòn ki pi wo nan menm kote a, ki pral ofri vizitè yo, tankou obsèvasyon zwazo yo, yon vizyèl etandi de espas marekaj Yanty Marsh la.

Amelyorasyon adisyonèl yo gen ladan yo:

- Reyabilitasyon ak reparasyon sifas Santye Natirèl otogide Yanty Marsh ki existe nan pak lan;
- Kreyasyon de "rivren" oubyen ti ravin pou dlo, yonn sou chak bò espas pwomnad an bwa a, pou ka bay kote pou viv bay lòt espès akwatik, flò ak fòn yo, pou ka ogmante divèsite espès zannimo ki ap viv nan zòn Yanty Marsh la;
- Konstwiksyon yon nouvo kay refij nan espas piknik ak pakin yo pou ogmante itilizasyon piblik pati zòn sa a nan pak la;
- Modènizasyon espas lansman demode kannòt sou tèt machin yo pou ankouraje aksè piblik nan pak la ak nan Lak Ontario a.

Vizitè yo dwe konnen ke zòn Yanty Marsh la ap fèmen pou piblik la pandan aktivite konstwiksyon yo.

Senatè Joe Robach te deklare, "Pak Leta Hamlin Beach la se yon destinasyon sezon ete pou anpil rezidan nan Konte Monroe ak tout Leta New York, epi li jwe yon wòl enpòtan nan ekonomi touris lokal nou an. Renovasyon yo nan kay de ben istorik la,

ansanm ak ajou nouvo espas pwomnad an bwa a ak tou obsèvasyon an, yo pral anrichi eksperyans vizitè yo epi bay nouvo enstalasyon bay yonn nan gwo Pak Eta New York nou yo. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè an pou angajman l' nan amelyorasyon Pak Leta nou yo pou rezidan ak vizitè yo ka amize yo, pa sèlman nan mwa sezon ete yo, men pandan tout ane a."

Amelyorasyon pak yo refilete angajman Gouvènè Cuomo pou fè revitalizasyon sistèm pak leta yo epi etann aksè a lwazi nan espas an plen è yo. Pwogram Gouvènè a pou Pak NY yo pou lane 2020 an, se yon angajman ki etabli sou plizyè lane pou investi 900 milyon dola nan finansman prive ak piblik pou Pak Leta yo soti lane 2011 pou rive nan lane 2020. Bidjè Egzekitif pou lane 2016-17 Gouvènè a, mete \$90 milyon nan inisyativ sa a. An plis, ane sa a Gouvènè a te anonse Pwogram Konekte Timoun yo ak Pak yo, ki ap bay jou antre gratis pou elèv klas katriyèm ane primè yo ansanm ak fanmi yo, epi kreye yon nouvo pwogram don pou transpòtasyon pou ede elèv nan lekòl defavorize yo vizite pak leta yo ak sit istorik yo.

Akselerasyon pwogram Finger Lakes Forward

Pwojè sa yo vin konplete pwogram "Finger Lakes Forward", ki se plan konpreyansif rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ansanm ak devlopman kominote a. Leta te investi deja plis pase 3.4 milya dola nan rejyon an depi lane 2012 pou reyalize travay preparatwa pou plan - nan investi nan endistri kle yo ki enkli fotonik, agrikilti ak pwodiksyon manje, ansanm ak manifakti avanse. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi avan Great Recession an; taks revni pèsònèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Rochester, Batavia ak Canandaigua kòm destinasyon pou devlope ak investi.

Kounye a, rejyon an ap akselere ak pwogram "Finger Lakes Forward" la ak yon investisman 500 milyon dola Leta atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a, ke Gouvènè Cuomo te anonse an Desanm 2015 lan. Investisman 500 milyon dola Leta a pral ankouraje biznis prive yo pou yo investi plis pase 2.5 milya dola – epi plan rejyon an, jan li soumèt la, gen pwojè pou bay plis pase 8,200 nouvo djòb. W'ap plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418